



## Entèseksyon ant Dèy ak Newodivèjans

Newodivèjans se yon tèms pou defini sèvo ki fonksyone yon fason diferan nan plis fason ke sa ki konsidere kòm estanda oswa tipik. Gen anpil manifestasyon diferan nan newodivèjans. Sa ka varye sot nan nivo trè lejè, kote pifò moun pa ta janm remake l, pou rive nan nivo pi grav ki manifeste kòm yon konpòtman diferan ak sa ki konsidere kòm "nòmal" nan sosyete nou an. Tip newodivèjans kouran yo gen ladann twoub espèk otis (Autism Spectrum Disorder, ASD), defisi atansyon ak twoub ipèaktif (Attention Deficit and Hyperactive Disorder, ADHD), disleksi, dispraksi, Sendwòm Down, ak kèk maladi kwonik sante mantal. Lè yo sibi pèt yon moun pwòch yo, moun ki gen sèvo newodivèjan yo pa egzante de gwo emosyon dèy la pwovoke, epi yo gen plis tandans eksprime chagren yo a yon fason diferan pase yon moun newotipik yo. Pou ede pi byen timoun ou an ak moun pwòch ou yo navige nan pwosesis dèy yo a, li enpòtan pou w abitye tèt ou ak repons newodivèjans yo nan pèt.

### Repons Emosyonèl

Moun ki gen sèvo newodivèjan souvan prezante reyaksyon emosyonèl ak pèt ki diferan parapò ak reyaksyon tipik yo dapre nòm sosyal yo. Pa egzanp, timoun ak granmoun nan espèk otis la ka montre distans, entèlektyalize santiman yo, oswa montre reyaksyon emosyonèl ki anreta. Lè lòt moun ap abòde yo pou ofri kondoleyans yo, moun sa yo ka santi yo kalm epi parèt kalm sou deyò. Yo gendwa montre tou emosyon "bwouyan", tankou itilize ri pou kontwole tèt yo lè lòt moun montre tristès (pa egzanp, kriye). Pakont, moun ki gen ADHD yo gen tandans trete ak eksprime santiman ak plis fòs oswa yon fason enprevizib apre lanmò yon moun pwòch. Yo ka prezante yon ipè-konsantrasyon ki mal dirije kote tristès ak kòlè yo a ka transfòme byen vit vin yon santiman depresyon ak dezespwa.

### Repons Koyitif

Li kouran pou timoun ki gen sèvo newodivèjan yo mande tèt yo si se yo ki te kòz lanmò moun lan epi montre yon ipè-konsantrasyon sou pwòp bezwen pratik pa yo apre lanmò yon moun pwòch. Deborah Lipsky, yon otè ki limenm twouve nan espèk otis la, te ekri nan liv li a Kijan Moun ki gen Otis Pran Lapenn, ak Kòman pou Ede: Yon Manyèl Inisyè (How People with Autism Grieve, and How to Help: An Insider Handbook) "Si mwen ta oblije rezime fason nou panse nan yon sèl fraz, mwen ta di, 'Se yon zafè mwenmenm sèlman...' Sa sanble egoyis, men se konsa sèvo nou yo branche." Lòt efè koyitif pèt ak chagren sou popilasyon newodivèjan an gen ladan difikilte pou trete enfòmasyon, konfizyon, pa kapab mande èd, enkyetid pou moun ki mouri a, fikse sou abitud, epi agravasyon nan konpòtman newodivèjan yo.

### Repons Fizik ak Konpòtmantal

Aprè w fin sibi yon pèt, moun ki gen sèvo newodivèjan gen tandans pou montre reyaksyon fizik ki endike emosyon enplikasyon brasaj ki ka deyò konsyans yo. Reyaksyon sa yo gen ladan, men se pa yo sèlman, sichaj sansoryèl, mani, tranbleman, pèt apeti, move somèy, difikilte pou kenbe konpa ak ijyèn pèsònèl yo, doulè nan kò, fatig, ak pèt kontwòl entesten ak/oswa blad pipi. Chanjman nan fonksyonman egzekitif, tankou konpòtman konpilsif ak pwoblèm pou rete òganize kapab swiv reyaksyon fizik yo.



Moun ki gen sèvo newodivèjan souvan demontre konpòtman ki ka mal entèprete fasilman lè yo afekte ak yon pèt. Pa egzanp, anpil moun sou espèk otis la detann karakteristik figi yo lè lespri yo okipe. Yo gen tandans evite kontak nan zye epi gade lwen kòm yon siy ki montre yo akable oswa y ap reflechi — se pa yon rejè pèsònèl. Moun ki gen ADHD ka gen yon santiman ki parèt tankou dezolasyon avèk pèt yon moun ki pwòch yo. Lòt chanjman nan konpòtman yo ka manifeste nan gen move konpòtman, fè mal sou tèt yo oswa sou lòt moun, konpòtman oto-stimilasyon repete, iritabilite, regresyon, ak pèt kompetans. Pi prezizeman, anpil moun ki gen sèvo newodivèjan ka gen reta nan tretman ki ka retade reyaksyon yo. Repons yo gendwa vini anpil mwa pita, ki fè fanmi yo ak zanmi yo ta ka pa fè koneksyon ant konpòtman a pwoblèm lan epi lanmò a.

### Fason pou Bay Sipò

Chagren san parèy pou chak moun, epi sipò ki ta gen anpil valè pou moun yo ap parèt diferan selon bezwen moun lan. Sa vre espesyalman lè w ap soutni moun ki gen sèvo newodivèjan. Men kèk pi bon pratik ou ta dwe konsidere lè w ap eseye bay moun ki newodivèjan yon sipò pou dèy:

- Asire ke ou pratike ekout aktif epi ou pa pote jije anvè moun lan pandan w ap kominike avèk li.
- Fòk ou konsyan de diferan ekspresyon dèy la. Ou ta dwe akòde tan pou moun lan poukont li oswa pèmèt li pase tan avèk konpòtman ki rekonfòte l, tankou konpòtman repete pou oto-stimilasyon, kenbe objè byen presi, ak konsome sèten manje.
- Pran swen pou bay sipò pou kò fizik moun ki andèy. Asire ke w ede gide moun lan pou l kenbe bon nitrisyon, somèy, ijyèn, ak aktivite fizik.
- Pou ofri afimasyon ak rekonfò, bay enfòmasyon ki egzakt ak apwopriye sou plan devlopmantral sou dèy la epi ede moun lan mentni woutin li te kenbe anvan pèt la. Rekonfò ak woutin ka ede prezève yon santiman nòmalite apre pèt la.
- Angaje moun lan nan aktivite konkrè pou ede l santi yon santiman kontwòl. Aktivite sa yo ka gen nan yo nenpòt bagay ki ka pote yon santiman abitid ak konfò pou moun sa, tankou eksperyans sansoryèl (pa egzanp, sèten limyè, son, oswa teksti) epi enterè espesyal.
- Kenbe konvèsasyon ouvè sou lanmò epi rete onèt pandan an menm tan ou rete sansib pandan konvèsasyon sa yo.

Si oumenm, oswa yon moun ou konnen, te sibi lanmò yon moun pwòch, Children's Bereavement Center ofri gwoup sipò dèy GRATIS pou timoun, adolesan, jèn granmoun, ak fanmi yo atravè Sid Florid ak nan tout peyi a ak mwayen vityèl. Pou w enskri, kontakte 888-988-5438 oswa [support@childbereavement.org](mailto:support@childbereavement.org) oswa jwenn plis enfòmasyon nan [www.childbereavement.org](http://www.childbereavement.org).

